

# LAMPIRAN

## Lampiran 1. SK Skripsi Surat Pengesahan Judul dan Penunjukkan Dosen Pembimbing



**KEPUTUSAN**  
**DEKAN FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SAstra UPI**  
**NOMOR: 658/UN40.F3.D1/TD.06/2023**

**TENTANG**  
**PENGESAHAN JUDUL DAN PENUNJUKAN DOSEN PEMBIMBING SKRIPSI**  
**DEKAN FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SAstra UPI,**

**Menimbang :**

- a. Bahwa untuk menyelesaikan studi bagi mahasiswa penempuh jalur skripsi, bahan kajian sesuai dengan judul yang akan dipertahankan itu perlu mendapat pengesahan secara formal;
- b. Bahwa untuk lancarnya penuangan gagasan ke dalam draft skripsi, mahasiswa yang bersangkutan perlu dibimbing agar penulisan skripsi tersebut selesai tepat waktu;
- c. Sehubungan dengan butir 1 dan 2 perlu diterbitkan surat keputusan;

**Mengingat :**

1. UU No. 20 tahun 2003 tentang Sisdiknas;
2. UU No. 12 tahun 2012 tentang Pendidikan Tinggi;
3. PP No. 4 tahun 2014 tentang Penyelenggaraan Pendidikan Tinggi dan Pengelolaan Perguruan Tinggi;
4. PP No. 15 tahun 2014 tentang Statuta UPI;
5. Keppres No. 124 tahun 1999 tentang Perubahan IKIP Bandung menjadi UPI;
6. SK Rektor UPI No. 01/UN40/KP.09.04/2021 tentang Pemberhentian dan Pengangkatan Dekan dan Direktur Kampus UPI di Sumedang Universitas Pendidikan Indonesia; Masa Bakti 2021-2025
7. Pedoman Penyelenggaraan Pendidikan Universitas Pendidikan Indonesia 2022;
8. Pedoman Penulisan Karya Ilmiah Universitas Pendidikan Indonesia 2022;
9. Surat Ketua Departemen/Prodi Pendidikan Bahasa Sunda, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra UPI nomor 36, tanggal 16 Februari 2023, tentang permohonan pengesahan judul dan penunjukan dosen pembimbing skripsi.

**MEMUTUSKAN**

**Menetapkan :** KEPUTUSAN DEKAN TENTANG PENGESAHAN JUDUL DAN PENUNJUKAN DOSEN PEMBIMBING SKRIPSI

**KESATU :** Menyetujui pengesahan judul dan penunjukan dosen pembimbing skripsi terhitung mulai tanggal 17 Februari s.d. 31 Agustus 2023

atas nama : **MILLY DWIYANI PUTRI**  
 NIM : 1903233  
 Departemen/program studi : Pendidikan Bahasa Sunda  
 perolehan IPK : 3,69

Judul Skripsi:  
**KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)**

**KEDUA :** MENGANGKAT NAMA-NAMA DOSEN:

1. Prof. Dr. Dedi Koswara, M.Hum. Pembimbing Utama	NIP 195906141986011002 Gol. IV/b Jab Guru Besar
---	---

Milly Dwiyani Putri, 2023

**KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- KETIGA : Menugaskan kepada Dosen Pembimbing supaya secara bersama - sama melaksanakan kegiatan berupa:
- Penelaahan judul, pembahasan konteks, dan teknis penggarapan skripsi;
  - Pembimbingan selama satu semester; dan
  - Pelaporan kegiatan bimbingan kepada Dekan melalui Ketua Prodi masing-masing.
- KEEMPAT : Memberikan honorarium kepada dosen pembimbing yang besarnya sesuai dengan ketentuan yang berlaku.
- KELIMA : Keputusan ini berlaku mulai tanggal disetujuinya pengesahan judul dan penunjukan dosen pembimbing skripsi, dengan ketentuan apabila di kemudian hari terdapat kekeliruan dalam penetapan ini akan diperbaiki sebagaimana mestinya.

Ditetapkan di Bandung  
Pada tanggal 17 Februari 2023





a.n. DEKAN  
WAKIL DEKAN BIDANG AKADEMIK,  
  
YULIANETA

Tembusan:

- Ketua Prodi terkait FPBS UPI;
- Dosen Pembimbing Utama dan Pendamping.

## Lampiran 2. Téks Carpon


### 1) Carpon “Cinta” Karya Tétý S Nataprawira





Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



## 2) Carpon "Kagembang Kalangkang Heulang" Karya Rin Riani



Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sanajan tara pok ngedalkeun janji nanaon. Kang Munandar salilana jadi pahlawan dina kasusah kuring, tina urusan gawé nepi ka urusan materi. Taya kahayang nu teu cumpon, taya kabutuh nu teu katedunan. Geus puguh perhatian jeung béla mah, kacida matak tibelatna. Saméméhna, can kungsi kuring meunang kanyaaah nu kawas kieu kumpulitna.

Nepi ka Mamah ngambeu, aya nu teu ilahar dina hubungan antara kuring jeung Kang Munandar. Mamah nalék kuring, satekah polah mépélingan sangkan kuring sadar yén kalakuan kuring téh teu hadé. Lian ti Kang Munandar geus boga kulawarga téh, pan dina umur gé sakitu ganjorna. Kang Munandar pakokolot supa jeung jenatna bapa, pan anakna nu cikal teu jauh ti kuring umurna. Mamah manghariwangkeun, inggis kajadian dosa nu ngawirangkeun saréréa. Ukur asup kana ceuli kénca kaluar tina ceuli katuhu.

Kuring neugtreug teu maliré papagah Mamah. Ti taun ka taun, hubungan kuring beuki raket. Ngahaja, mun aya urusan kantor ka luar kota, kuring nu sok dibawa. Kuring beuki palid kana kasenangan dunya, dipupuhkeun sagala rupa. Nepi ka naon nu dipikaharwang ku Mamah, kajadian, kuring jeung Kang Munandar kamalinaan, tigebrus ngarempak papagon. Kacipta kénéh, di villa nu éndah tur camperenik. Sabudeureunana tétéjanan asri, buruanana pinuh ku rupa-rupa kembang. Sakedapan mah asa jadi tempat pangpikakeueunana, basa kuring nginghak hareupeunana, inggis aya akibatna.

"Kang, Enéng sieun."

"Ulah sieun, Enéng sing tenang. Sing percaya, moal aya kajadian nanaon." Karasa tonggong diusapan. Batan kaupahan, ngadon mingkin nalangsa.

"Moal aya kajadian nanaon kumaha, Kang? Ieu téh kajadian, nu ngabalukarkeun Enéng tos taya hargaan. Enéng kudu jadi nu Akang salamina."

"Pasti atuh, Néng. Akang moal ngamomórekeun, Akang bakal ngurus Enéng satutup umur."

Kumpulan Carita Pondok 9

nu bener-bener ngarasa cuang-cieung.

Nepi ka taun kamari, bojo Kang Munandar ngantun kasarad covid. Natrat pisan, kumaha nguyungna Kang Munandar. Ti saprak geletuk bojona, manéhna gé diisolasi sakulawarga. Pleng teu ka kantor aya kana bulanna, ongkoh mah pan keuna ku WFH. Komunikasi kantor ukur ku WA, atawa zoom. Pegat, tara ngobrol pisan ari lain urusan pagawéan dina WA grup mah.

Kaayeunakeun, ngantor geus rada mindeng sanajan can kara sasari. Rada kerep deui tepung jeung manéhna di kantor, lingsig awakna mah. Angger ngawatesanan komunikasi, tara ngahanakeun ngobrol.

Sora mobil asup ka buruan ngagareuwahkeun lamunan. Ngarérét deui kana eunteung, témbong kalangkang diri nu geus teu ngora. Najan rupa mah teu kasebut goréng. Geuwat muru panto hareup, kasampak Kang Munandar geus diuk dina korsi teras. Gagah kénéh, buhunan séhat. Buukna geus ngembang jambu, tapi bet asa leuwih komaraan. Paromanna marahmay, da kitu biasana bangun tara manggih kasusah. Ah, haté téh geuning keukeuh tibelat bari geus sakti disapirakeunana gé.

Ukur ungeuk basa manéhna ngahayukeun, teu sawatara lila mobil geus ngageuleuyeung muru ka tonggohkeun. Sajeroeun diuk gigireunana, kapireng manéhna habariringan nuturkeun lagu nu disétél. Kuring anteng jeung implengan sorangan, ngangon harepan sagan jeung sagan. Pan ayeuna manéhna geus nyorangan, sagan bisa ngaludang deui harepan nu kungsi dikubur. Ah, tapi boa kuring ngan ambon sorangan, boa manéhna mah ukur ngajak tamba cuweuh batur. Komo ayeuna, ku umur mah tangtungan kuring téh geus cuweuh pikabitaunana. Cacak baheula sumedeng belekesenteng gé, teu lebareun ngaleupaskeun.

Anjog ka nu dijugug, manéhna milih tempat di lanté dua, deukeut bénténg nu nyanghareupan pamandangan alam nu kacida éndahna. Lila pisan tara ulin ka lebah dieu, kaayaan geus kacida robahna. Enya, waktu nu laju geus mawa robah kana sagala rupa. Iwal rasa kuring ka Kang Munandar, jeung sikep manéhna ka kuring.

Kumpulan Carita Pondok 11

Haté pinuh ku harepan, ngadéngé jangina kitu. Tinggal nungguan Kang Munandar datang ménta kuring ka Mamah. Harepan ukur harepan, manéhna teu jol waé nepungan Mamah. Lahlahan kuring ngingetan, nagih janji ka manéhna.

"Iraha Akang ka Mamah téh?"

Manéhna kalah ka neutep seukeut, tuluy nyarandékeun kuring kana awakna.

"Sing tingtrim, Néng. Keun waé urang mah kieu wé. Pokona mah, Akang moal ninggalkeun. Bakal tetep mikanyaah nepi ka iraha waé gé, satungtung Enéng suka. Enéng sing narima kana kanyataan, Akang moal bisa ninggalkeun kulawarga."

Mun téa mah kungsi, meureun kieu karasana kabéntar gelap téh. Nyeri taya dikieuna. Rék ingkah, ingkah ka mana da puguh sapagawéan. Teu hadé ngaberung cul gawé, kumaha teuing sedihna Mamah mun kuring kudu ngabarur deui néangan gawé. Kasebut indung, Mamah teu weléh nyumangetan, ngadéan hate sangkan kuring bisa narima sagala nu tumiba. Ti harita kuring nguat-nguat manéh, ngawatesanan hubungan jeung Kang Munandar. Teu perlu teuing mah tara nanya-nanya acan, sanajan manéhna mah angger, teu ngarobah sikepna.

Nu sidik mah sikep kuring nu jadi robah. Nguluwut jeung resep nyorangan. Teu bisa muka haté pikeun babaturan lalaki nu boga maksud mikanyaah. Puguh kalimpudan ku karumasa, bongon diri geus jadi sésa. Kumaha teuing dijejeléhna mun seug katohyon. Ongkoh mah teu beunang dipapalérkeun, sakitu geus kabuktian kumaha ketak Kang Munandar. Keukeuh haté nyidem harepan, sagan jaga mah laksana. Asa moal manggih lalaki nu sababad jeung manéhna.

Waktu terus muter, sapuluh taun kuring kuat nahan diri. Umur nu terus ngolotan teu ditilih, pancéng rék hirup sorangan sapapanjangna. Ngarah lalusa ngurus Mamah pikir téh, da adi-adi mah lalaki, Mamah teu ludeung ngandelkeun minantu. Tinekanan, dugi ka pupusna, Mamah tetep jeung kuring. Ninggalkeun kuring

10 Cinta

Naha enya moal aya robahna?

"Putra putu saréhat, Kang?" Cék kuring muka obrolan bari nungguan pesenan.

"Alhamdulillah, saréhat jeung nyaraheun. Merhatikeun pisan ka Akang téh, kararunyeun meureun pédah Akang sorangan." Némbalanana bari teu tinggaleun imut.

"Atuh kantung milaru deui, nu kersa ngaréncangan bari babakti. Da tangtos seueur nu miharep." Kuring ngolongan, pédah asa aya jalan.

"Ah, duka Néng. Asa mending kieu wé Akang mah."

"Naha? Pan resep aya nu ngaréncangan mah." Kuring jadi panasaran. Nanahaonan maké jeungujuk-ajak sagala ari boga karep rék luas sororangan mah, cék haté sotéh.

"Riwuh, Néng. Geura, mun boga pamajikan deui téh. Milih nu ngora, bisi boga budak deui. Akang geus sakti kakolotanana, bisi teu kaurus nepi ka gedé. Jaba engké téh riwuh ku urusan téré-téré. Ari milih nu kolot, sasat atuh. Batan bisa ngurus Akang, boa mah matak jadi uruseun. Can urusan barudak, boa bisa narima boa henteu. Can puguh bisa téréh-téréh adaptasi. Ngaran anyar wawuh, tangtu perlu waktu pikeun silih maklum," cék manéhna. Méméh pok kana kalimah saterusna, gancang kuring megat omonganana.

"Sakedap, Kang. Hoyong ka jamban."

Teu nungguan jawaban, gagancangan turun ka lanté hiji. Leng tetempoan asa pararék, samagaha sororangan. Nyeri lain dikieuna ku kekecapan Kang Munandar, haté nu kungsi rengat, ayeuna bubuk sapisan. Ngetrukkeun tanaga sésa. Telenjeng muru panto ka luar, gap kana HP, mesen Grab. Teu lila Grab nguruyung, clak naék diuk di tukang.

Sajajalan nginghak, teu nilih supir nu bangun hookeun. Pileuleuyan harepan, buleud tekad hirup nyorangan nepi ka jaga. Tobat ka Gusti, rumasa ngaléngkah dina jalan salah. Kabongroy pangbिता dunya, nu ahirna kieu balukarna. Mamah, hapunten

12 Cinta

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Enéng. Enéng ngalalaworakeun panggeuing Mamah harita. Nongtoréng kénéh kamelang Mamah harita, sieun Enéng kagémbang kalangkang heulang. Nyata ayeuna mah, karaos seukeutna naluri indung.

P13 Angkatan Katilu

Kumpulan Carita Pondok 13


### 3) Carpon “Natratna Duriat” Karya Ati Amiati Sadeli



Geus sababaraha peuting kuring hésé saré. Ngan mikiran nu thiji, kumaha méré jawaban ka Kang Sodak. Mangkoning ngan sapeuting ieu kasempetan pikeun mikir téh. Da manéhna geus nangtukeun poé ieu hayang narima jawaban. Sanajan pokpokanana mah teu matak hariwang. Da cenah gé ditampa atawa ditolak sapajodogan Akang moal ngarasa nyeri haté, da éta mah hak Sinta. Tapi angger ari rasa bambah mah marengan. Inggis ku bisi rémpan ku sugan. Alesan mah geus nyampak, ngan naha wani kuring nyarita sabalakana.

Saenyana harita gé jawaban kuring téh geus tandes, yén taya niat rék rarabi deui. Loba alesan mah, malah dicaritakeun ka manéhna gé. Kahiji ngarasa geus kolot, umur geus rék tujuh puluh taun. Karunya ka barudak. Heug Si Cikal rék minantuan. Kacipta éraunana, indungna panganténan kawas nu papaheula jeung incu. Ari alesan nu utama mah, ieu haté teu bisa pegat, inget bacé ka jenatna Kang Rahadi, salaki nu kungsi hirup babarengan leuwih ti satengah abad lilana. Nu pajar cinta kuring moal laas, iwal kapegat ku pati, teu singna.

Kumpulan Carita Pondok 15



Kanyataanana geus rék sapuluh taun, ngaranna, pameunteuna, sorana, seurina, angger napel dina sanubari. Natratna duriat henteu kahalangan ku pati, sihoréng. Tapi Kang Sodak angger keukeuh, hayang hirup babarengan, méakkeun sésa hirup, pokna. Malah matak éra parada, basa nyebutkeun, saenyana cintana ka kuring téh geus ti baheula. Ngan kapiheulaan ku Rahadi cenah. Teu pati didéngé ku kuring téh. Boa alesan lalaki. Da kabuktian, nu enyaan keukeuh pageuh mah almarhum. Da manéhna mah geuning kawin ka mojang nu geulis.

Kacinta kanyaah Rahadi geus karasa ti jaman rumaja kénéh. Harita nu naksir manéhna téh aya sababaraha mojang. Di antarana kuring jeung Romiah, sobat nu kacida landesna. Tadina mah kuring rék ngéléhan, tapi basa katémbong cintana Rahadi leuwih loba ka kuring, batan ka nu séjén, haté mimiti keukeuh hayang mertahankeun. Kawasna Rahadi gé ngarasa yén loba nu mikahayang manéhna. Tur manéhna teu wasa kudu nganyerikeun haté Romiah, nu sobat dalit pisan jeung kuring. Manéhna pindah ka kota séjén.

Cenah milu ka uana rék neruskeun kuliah di ditu. Peuting panungtungan, ngobrol di teras imah kuring. Manéhna balaka yén mikacinta kuring. Tapi pikeun ngawangun rumah tangga can boga pisan bekel. Uwana nawaran bisi rék kuliah, di Uwa wé cenah. Cék manéhna bisi aya nu ti heula, pék waé tampi. Manéhna mah tu mamprak kana kadar. Mun enya mah jodo, moal ka mana. Kuring ukur ngingsreuk nahan cipanon. Tapi manéhna ampir unggal bulan ngirim surat nyaritakeun kaayaanana di ditu. Taun kalima mah pleng waé tara nyuratan.

Minangka hayang nyaho kaayaan kuring, manéhna nelepon ka imah. Ukur sakalimah nanyana téh. Teu acan aya nu mayunan? Cenah. Teu acan, témbal kuring teu éléh pondok ngajawab téh. Da haté kaburu ngaguruh mantén. Hartina manéhna gé sarua satia ka kuring. Tapi datangna téh lain ka kuring. Manéhna langsung ménta ka Bapa jeung Ibu. Bapa nu naros ka kuring, naha daék dipihukum ku Rahadi. Kuring ukur bisa ungueuk, najan haté surak, bakat ku atoh. Sakeudeung deui bakal laksana jadi pamajikan manéhna.

16 Cinta

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mani ngarénjag basa jam gedé disada tarik pisan. Geus pukul dalapan. Poé ieu kuring kudu méré kaputusan ka Kang Sodak. Naha daék jadi pamajikanana atawa henteu. Kudu tegas engké téh, yén duriat ka Kang Rahadi, natrat kénéh dina dada. Cinta moal bisa dipaksakeun, duriat angger ajeg ka saurang. Sanajan jirimna geus dikubur, tapi sora haténa nyelap kénéh dina ati. Kadéngé sora HP disada. Basa dipencét, ti Kang Sodak. Cenah rék ka imah téh jam hiji, rérés nguruskeun perusahaanana. Aya nu kudu dibébérés cenah.

Maké jeung diimplik-implikan, aya hadiah keur kuring cenah. Teu sing régrog pamadegan téh. Angger kuring moal hayang kawin deui. Rarasaan mah Kang Rahadi aya kénéh di gigireun. Nyantél pagueuh dina haté, nyangsaya dina dada nu pangjerona. Sagala rupa cocoba, dodoja kungsi disanghareupan ku duaan. Salila satengah abad teu kungsi papaséan. Salawasna kuring jeung Kang Rahadi, sili élédan. Manéhna ngahargaan kana sagala pamanggih kuring. Kitu deui kuring tara hayang mungpang kana panyaramna, kana sagala paréntahna.

Manéhna kungsi ditugaskeun ka kota séjén. Kuring teu bisa milu da keur kakandungan ku nu kadua. Lumayan lila di dituna téh. Tapi basa dibéjaan kuring geus di rumah sakit, sabroleun, manéhna datang. Ménta cuti tilu poé keur maturan kuring. Padahal tempat gawé jeung imah kuring téh jauh pisan, misah propinsi. Tapi manéhna geus némbongkeun tanggungjawabna ka kuring. Kang Rahadi ngajanteng di gigireun ranjang, nyekel leungeun ngabantuan kuring ngalahirkeun jabang bayi. Padahal cék kuring keun baé bisa capé.

Tapi kitu teu geuning. Kasatiaan, kanyaah, kadeudeuh salaki, nyerep kana mamaras haté. Tepi ka basa manéhna tilar dunya, ku lantaran panyakit kangker, kuring teu lesot ti gigireun ranjangna. Tepi ka lesna kuring nyaksian. Kuring ngaharéwos, moal aya nu ngaganti dirina. Katémbong cipanonna ngeclak, basa ku kuring dicium embun-embunanana. Unggal inget ka dinya, unggal ngagedur rasa sono jeung cinta ka salaki. Asa hianat mun téa mah kuring narima lalaki séjén pikeun gganti manéhna. Kuring moal jalir.

Kumpulan Carita Pondok 17

Sakitu puluh taunna hirup babarengan, can kungsi aya kakurang. Cék saréréa kuring téh hirup senang. Keuna kana paribasa Indonésia, henteu hésé jig, dahar henteu hésé am, paké henteu hésé rap. Sagalana dicukup ku salaki. Henteu kungsi kasebut beurat beunghar, tapi car nyorang aya kasusah. Sajungna disaur ku Nu Kagungan, kuring geus dibahanan tabungan, mangrupa tanah jeung sawah di sababaraha lembur. Eta nu dijadikeun waragad hirup ku kuring. Budak duanana geus rarabi, geus hirup mandiri. Naon deui anu kudu dipikiran.

Ayeuna mah kari ibadah nu jongjon. Nu diteda téh taya deui iwal hayang babarengan deui jeung salaki, di alam pawenangan. Hayang tepung deui.

Nu pajar rék jam hiji téh, Kang Sodak kakara ngurunyung puku opat soré. Kuring kakara rérés Asar, kadéngé nu uluk salam. Kakara rék disanghareupan, sabada kuring ngalésotkeun mukena. Sugan we manéhna surti, yén kuring moal bisa narima lamaranana. Tangtu moal loba gogonjakan cara sasari. Pasti alum deuih. Teuteupna bakal ceuyeut, kawas pondok harepan. Kitu tétéjoan kuring téh. Engké mun geus papahareup kuring bakal nyarita kieu.

"Kumaha damang, Kang?" Cék kuring.

Manéhna bakal némbalan bari terus sasadu datang elat. Terus nyaritakeun yén di perusahaanana aya géilog itungan, cara basa munggaran datang. Kapaksa cenah nanyakeun ka bagian keuangan ku naon itungan tepi ka kitu. Pasti kuring moal ngahaminan, da teu ngarti. Kakara kuring bakal nyarita sabalakana, ngarah geuwat balik. Harita gé manéhna nyoroscos nyaritakeun perusahaanana nu cenah beuki gedé jeung beuki loba cabangna. Kuring angger teu lémék. Tapi lamun geus euweuh caritakeuneun deui, kakara ras kana caritaan nu utama.

Tapi kacida reuwasna basa kuring ka luar ti kamar, nu diuk dina korsi tamu téh bet Pa Nuria, asisten pribadina. Solongkrong manéhna munjungan.

"Geuning, Bapa," cék kuring.

"Sumuhun, abdi téh dijurungan ku Bapa, saurna hapunten teu

18 Cinta

tiasa ka dieu. Margi teu tiasa ngantunkeun rapat sareng para pemilik saham."

"Oh teu sawios atuh, Ké atuh badé ngaleueut naon?" Cék kuring deui.

"Sawios Bu, da moal lami. Ieu wé nyanggakeun serat ti anjeunna, haturan Ibu." Cék manéhna, bari terus nangtung mikeun surat. Diandeg gé teu daekeun, terus permisi rék balik. Ku kuring dijawabkeun tepi ka lawang panto.

Surat dibaca sanggeus asistenna mulang. Surat nu sakitu kandéna téh, ukur aya sababaraha kalimah, cusina mah. Mimitina sasadu, teu bisa datang langsung. Terus nyaritakeun harepanana nu kacida gedéna hayang ngahiji. Ditungtungan ku hiji kalimah. Bet asa nyanghareupan budak leutik.

"Kumaha keresa?" cenah, dina suratna téh.

Teu lila manéhna nelepon kana telepon imah. Henteu papanjangan cenah ngan hayang jawaban surat téa. Kuring sasadu moal bisa narima panglamarna, kalawan handap asor. Aya kahariwang siéun manéhna nyerieun haténa.

"Aduh, Kang, hapunten." Kakara sakitu kuring nyarita, manéhna motong kalimah.

"Tos, tos, tong diteraskeun. Akang malum," cenah. Telepon ditutup.

Kuring ngarénghap, gék diuk dina korsi ruang tengah. Rét ka pembantu nu keur nutup-nutupkeun hordéng jandéla, da poé geus ngahaeub ka magrib. Saliwat di luar kaciri cangra, taya reueuk pihujaneun. Rét deui kana potrét kuring keur duaan jeung almarhum, basa mulang ti Tanah Suci.

"Kang, nuju naon di ditu?" Cék haté pinuh kasono.

P13 Entragan Kahiji


Kumpulan Carita Pondok 19

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 4) Carpon “Balakaciut” Karya Yooke Tjuparmah S



## Balakaciut


Yooke Tjuparmah Soeriaamidjaja

Saenyana geus lima taun ka tukang kuring meunang béja yén Salsa geus hirup nyorangan téh. Kang Dart, carogéna pupus alatan serangan jantung. Tapi kuring can kungsi nepungan. Pangpangna mah teu nyaho alamat imahna. Ari sabab séjénna mah, aya rasa hamham, inggis ku manéhna henteu ditarima kalawan kabungahan. Poé ieu kuring hayang ngalngok, da geus nyaho alamatna ti Emy, sobatna basa keur kuliah. Wanci haneut moyan kuring nepi ka buruan imahna, di Dayeuh Ngora, lebah suku Gunung Kulambu.

Basa tepi ka imahna, kasampak aya anu keur cinggo, nyanghareup ngétan. Diuk dina jojodog plastik. Gigreunana aya koréd, arit sopak, sapu nyéré, pengki nu pulasna sarua jeung jojodogna, katut ayakan. Dibaju training. Palebah leungeun bajana disénglédkeun. Kaciri kulitna konéng unyang. Nempo dedeganana mah pasti manéhna, Salsa anu geus sakitu taun teu papanggih jeung kuring. Kabeneran kuring datang ti beulah kulon. Nangtung tukangeunana, moal katohyan da kalangkang kuring aya di kulon.

Rada salsé nyerangeun. Leungeun kénca katuhuna tapis

Kumpulan Carita Pondok 21



nyabutan jukut tina sela-sela tangkal suuk. Kawasna kira-kira panéneun tilu bulan deui, éta tangkal suuk téh. Jukut laleutik, sanajan kakara sajangkung jarum dicabutan, limit pisan. Tapi balakaciut anu jangkungna sajeungkal teu dicabutan. Diantepe. Diliwat. Naha ngahaurin tangkal suuk. Inget baheula, Salsa metik lalab atanapi miceun dangdaunan garing anu maruragan di buruan akina, sok teu weléh maca salawat. Majar téh papagah akina.


Tutuwhan gé hayang diajak ngomong, cék akina, harita. Diukna ngagésér ngalér ngajauhan garit garit suuk. Jukut anu dicabutan, dikeprukkeun taneuhna, tuluy dibalngkeun kana pengki gigreunana. Taneuh anu geus euweuh jukutan disapeukeun ku sapu nyéré, nepi ka rata. Geus rata jeung beresih, jojodog digusur mah nutupan taneuh anu geus beresih. Salsa nyabutan jukut deui, anteng. Di dinya mah balakaciut anu geus jangkung, dicabutan. Tuluy akarna dipiteskeun, dikeprukkeun, dipiceun kana pengki.

Jukut jeung tangkal balakaciut digundukkeun di kénca. Can manggih istilahna balakaciut dina kamus tutuwuhan. Teu kawas jotang, sintrong, nyalinyit, antanan, babadotan anu kapanggih istilah ilmiahna dina kamus. Inget baheula, keur mapay leuweung, gigreun jalan satapak. Kérésék anu dina ranselna, digusur balakaciut. Majar téh oléh oléh keur akina. Akina kaciri atohna lamun dikirim balakaciut. Langsung dibalngkeun ka balong. Laukna sing kuliblak ngecrokan balakaciut. Sésana disiksik laleutik pisan, diawurkeun kana kandang hayam, dipaké maraban.

"Nuhun, Geulis, pinter pisan nyukeun haté Aki," ceuk akina harita. Kuring nanya ka babaturan, naon istilah balakaciut dina kamus. Nepi ka kiwari can aya jawabanana. Nanya ka akina.

"Aki mah teu sakola di Biologi. Aki mah lulusan sakola pamongpraja diajar sagala ogé ti masarakat anu dipingpin ku Aki. Ceuk balaréa éta téh balakaciut, bisa dipaké parab hayam jeung lauk, nya enggeus parabeun. Rezeki ti Gusti Allah, manya kudu mubadzir." Kitu jawab Aki harita. Pangalaman, béja ti rayat. Meureun éta anu disebut pragmatisme téh. Najan nepi ka kiwari hésé didefinisikeunana. Ayeuna Salsa ngalungkeun balakaciut ka balong.

22 Cinta



Laukna paboro-boro ngecrokan anu diparabeun. Nila, lauk emas, koi, lolobana bareureun, kamper jeung konéng, Kaciri aya sepat, lauk emas, mujaer hideung jeung kulawu tapi teu loba. Lolobana lauk anu beureun, konéng jeung kamper. Rada tarik manéhna nyebut Alhamdulillah, nempo lauk-laukna ngahanca parabna. Kuring angger nyerangeun tukangeunana, teu usik teu obah, najan suku geus cangkeul. Alhamdulillah panonpoé moal ngarobah kalangkang kuring. Salsa anteng kénéh nyabutan jukut.

Kakara engueh, dina ayakan geus aya jotang, sintrong, nyalinyit jeung antanan. Inget baheula karesep jeung babaturan téh ngabring ka gunung, meureun lantaran can aya mall kawas kiwari. Salsa jadi perhatian kuring, lantaran paripolahna anu béda ti batur. Manéhna sok luak-lieuk, imeut pisan kana tutuwuhan anu kaliwatan. Sakapeung sok nyabut pibiniheun. Aya seureuh leuweung jeung kahitunan. Teu sarakah neukteukna ogé, ngan ukur tilu areuy anu aya akarna. Teu leuwih ti lima jeungkal.


Mipiina ati-ati pisan, bari ngaharéwos, "Kuring mipit ku asih, sugan jadi di buruan kuring. Bismillah," Cé kuring. Inget, binih anu panggedéna dibawa ti leuweung, harita téh angkrék leuweung anu konéng ngarumbay. Golden shower, anu naplok dina tangkal gedé, tapi henteu jadi mangandéuh. Teu ngaruksak tangkal anu ditangkodanana. Dina waktu séjénna, kumaha usumna, Salsa ari ka leuweung sok mawa sarupaning sisikian. Mawa siki alpuket, buah, kadu, rambut, peuteuy anu sok dialung-alungkeun kana gawir.

Sok bari rada ngagorowok, ari ngalungkeun sisikian téh.

"Geura jadi, engké dilongok deui," pokna.

Ari siki salak mah dipelak gigreun jalan satapak. Kuring teu nanya da anu pasti mah, lamun jaga geus buahan, gampang ngalana. Béda jeung tatangkalan gedé, dina gawir, iwal jadi pamageuh taneuh, tangkalna jarangkung. Lamun geus kolot, pasti baruahana. Buahna pasti kaciri ti kajauhan ogé. Anu jadi pamikiran kuring, éta sumringah paromanna bakat ku atoh mun manggih tutuwuhan anu ngaranna balakaciut. Tuwuhna liar, kembangna barodas laleutik hirup subur di gigreun jajalaneun anu kaliwatan.

Kumpulan Carita Pondok 23



Komo dina iuh jeung rada bécék mah, balakaciut subur pisan.

"Weureu moal nya, mun dilalab ku urang," cék kuring harita.

"Moal atuh," rémbalna seuri leutik. "Buktina lauk jeung hayam diparaban ieu paronyo jeung saréhat. Pasti teu ngandung racun pokna deui. Némbalanana lempeng, taya ekspresi nanaon dina paromanna.

Balakaciut euweuh deskripsina dina kamus. Ari antanan mah centella asiatica. Nyalinyit, disebut ogé hydrocotyle sibthorrioides, sintrong, crassocep halum crepidioides ari jotang, spilanthus paniculata. Kitu deui babadotan kuring nyaho basa latinna, ageratum conyzoides.

Ari balakaciut mah weléh teu kapanggih. Ogé rasa kuring ka manéhna. Teu kaharti. Hayang salilana deukeut. Embung papisih lila. Hayang tuluy babarengan. Aya kamelang sieun manéhna, deukeut jeung batur. Ari peuting saméméh saré di tempat kost, sok ngalamun, manéhna aya gigreun kuring. Tapi Salsa siga anu hare-haré leumpang ka mana baé ogé. Lamun dibarengan leumpang tara ieuuh ménta dipangmawakeun babawaana, najan beurat ogé sok dibawa ku sorangan. Kungsi Salsa tiseureuleu.

Geuwat kuring nulungan, supaya teu labuh. Ditangkep pagueh. Henteu kasar mah Salsa téh, ngan ngoléséd lalaunan, bari nyebut hapunten Kang, nuhun. Terus istigfar sababaraha kali. Kawas tas nyieun dosa gedé, ditangkep ku kuring téh. Jung manéhna nangtung, nguliat, terus ruku, ngalémpengkeun cangkéng ka sisi ke gigir. Suku kénca ka hareup. Siap malik ngulon. Aduh kuring reuwas. Can siap nyanghareupan manéhna. Tapi manéhna kaburu ngalieuk Bangun reuwas, néngo kuring aya di dinya.

"Assalamu alaikum warahmatullahi wabarokatuh, manawi téh teu aya sasaha. Tos lami? Kang Jojo nya, sobat almarhum Kang Dart. Tos lami pisan teu tepang. Nyalira? Mana Tétéh sareng putra? Teu sareng?" Ceuk manéhna, mani nyorocos nanyana. Kuring ungeuk jorélat panonna anu angger cureuleuk, pinuh ku pananya.


"Geuning Akang uninga rorompok abdi di dieu?" Pokna. Kurin

24 Cinta



Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



## 5) Carpon "Ligarna Haté" Karya Nyi Roro



Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kolotna ninggalkeun rumah sakit.

"Ndari, naha teu diajak ka lebet tamu téh?" Sora indungna ngagantaraan, ngagareuwahkeun lamunan Sondari. Manéhna némbalan, ngamanggabeun.

"Jangji nya, Kang ulah sagala dicarioskeun payuneun sepuh abdi," Sondari ngomong bari melong seukeut ka Chandra. Nu dipeleng ngacungkeun dua ramona, isarah yén Sondari kudu percaya. Duanan asup ka jero pager. Gok, tepung jeung kolot Sondari, Chandra langsung munjung. Sondari mah ngulueud ka dapur rek nyokot susuguh.

Sajeroning nyieun cikopi, pikiran Sondari mah ngacang ka mangsa ka tukang. Wawuh jeung Chandra téh basa Sondari ulin ka imah Novi batur sakantorna. Di dinya aya Chandra nu keur nganjang ka lanceukna Novi, Irwan. Ku Irwan diwanohkeun. Ti harita duanana jadi mindeng panggih. Antukna beuki raket, beuki deukeut, beuki geugeut.

"Apih ningali Ndari kamari di payuneun mall jeung hiji lalaki. Mani bangun nu raket pisan. Saha éta?" Cék Kosasih nalék ka anakna.

"Réréncangan," témbal Sondari, reuwas kanyahoan ku bapana.

"Réréncangan atawa 'réréncangan'? leuh, ulah sok ngabohong ka kolot téh. Pamali!" Kosasih nyindir. Antukna Sondari balaka, yén éta téh Chandra, kabogohna. Rek nepungan kolot Sondari, tapi tacan pas waktunya. Salaku kolot, tangtu Kosasih loba kahariwang ka anakna, Sondari ditanya ngeunaan kulawarga Chandra.

"Satyanagara? Nu dinesna di bank pamaréntah?" Cék Kosasih bangun nu reuwas basa ngadéngé ngaran bapana Chandra. Sondari ungukeun.

"Ndari, kudu ngagugu ka omongan Apih." Cék Kosasih bari neuteup ka anak awéwé nu ku manéhna kacida dipikanyaahna.

"Sumuhun, tangtos Apih. Kumaha kitu?"

"Jauhna Chandra, da loba lalaki mah. Dijungakeun ku Apih, sing meunangkeun nu leuwih ti manéhna." Kosasih nyaritana mani

Kumpulan Cerita Pondok 43

teugeug. Atuh puguh indungna jeung Sondari mani ngajenghok ngadéngé éta omongan. Duanana ngupahan sangkan Kosasih ulah nuluykeun omonganana. Bisi panyakitna karugad deui.

"Teu sawios Bapa, Ibu. Da abdi mah donor darah téh sanés pédah ka Bapa wungkul. Upami kaleresan nuju séhat, ampir unggal sasah abdi donor. Ka sasaha ogé nu peryogi pitulung abdi mah, nya ditulungan satiasa-tiasa," témbal Chandra bari imut, najan aya nu ngaguruh jereun dadana.

"Muhun, cekap panginten. Abdi nyanggakeun panglayad. Mugia Bapa énggal damang sabihara-bihari deui. Mangga dikantun." Cék Chandra bari munjung, rengkuh ngahormat tuluy ngaléos. Leumpang kaluar ti imah rarasaanana asa napak asa henteu.

Sajeroning ditinggalkeun ku anakna nu keur nganteur sémahna ka luar, Kosasih ngahuleng. Aya kahanjakal ogé dina haténa. Kumaha lamun Sondari satuluyng ngambek ka manéhna? Kumaha lamun kabur? Mangkaning budak awéwé ngan hiji-hijina.

"Ndari, ka dieu. Apih aya piomongeun." Sora Kosasih ngahulag ka anakna nu ngabéngbéos ka jero imah, bakat ku ambek ka bapana. Asa-asa Sondari nyampeurkeun, bisi bapana rek nyarékan. Cék, manéhna diuk di gigireun bapana.

"Hampura omongan Apih bieuh ka Chandra," cek bapana. Sondari kalah ngabigeu. Teu hayang ngomong. Ambek masih nyaliara dina dadana.

"Apih nyaram téh tangtu aya alesanana. Baheula basa Apih keur bahadéan jeung indung hidep, sepuhna teu doeu. Nepi ka diancam moal diaku anak, moal dibéré warisan jeung bakal dikaluarkeun tina silsilah kulawargana nu turunan ménak beurat beunghar. Sedeng Apih téh pan turunan cacah kuricakan. Jalma teu boga, manggih dahar gé hésé. Tapi indung hidep teu ngagugu ka sepuhna, kalah ka maksa kawin jeung Apih," cek bapana dareuda.

"Tapi geuning ayeuna Eyang nyaheun pisan ka Apih? Siga nu teu kantos aya pacogrégan." Sondari nanya bari kerung.

Kumpulan Cerita Pondok 45

nyeuneu, bangun nu ambek pisan. Sondari reuwas, teu ngahulag angin kudu megalkeun tali asih jeung Chandra. Manéhna nanyahkeun alesanana, tapi teu dijawab ku Kosasih.

Peuting harita Sondari ceurik balilihan, ngarasa diteungtungkeun ku bapana. Manéhna teu sanggup lamun kudu papisah jeung beubeureuh nu sakitu bageurna. Cinta Sondari ka Chandra kalah beuki masket, kajeun rek susulumputan ti batan kudu pegat durian.

Cikopi diteundeun ku Sondari dina luhur méja bari deket, waraha indungna. Chandra neuteup mani teu ngiceup. Kosasih dédédéerna ngobrol opatan téh asa kararagok, da can pati loma. Karék bang Chandra nepungan Kosasih kalayan daria sanajan nu diobrolkeun mah perkara nu hararampang.

Bari ngabandingan obrolan téh, panon Sondari rut-rét. Sakapeung rék ka bapana, sakapeung rék ka kabogohna. Teu pati merhatikeun ka indungna mah, da teu kukumaha. Jero haténa muji syukur ka Nu Mah Agung, naon nu dipikaseueun ku Sondari téh geuning teu ngabéngbéos Chandra bisa meruheun haté bapana.

"Sanés kirang sono, abdi badé amitan aya bujengen deui," Cék Chandra bari nangtung.

"Sakedap, ulah waka mulih. Bapa aya picariseun," cek bapana. Sondari ngahulag, Chandra diuk deui.

"Ari nu donor darah keur Bapa kamari basa operasi téh, Chandra!"

"Sumuhun, Bapa," témbal Chandra bangun nu reuwas. Padaha manéhna geus wanti-wanti ka Sondari ulah ngabéngbéos yén manéhna donor darah keur bapana. Harita Sondari bur-ber néangan darah golongan B. Manéhna sorangan teu bisa nulungan da golongan darahna B. A. milu ka indungna. Aya gé dulurna tiluan nu golongan darahna B euweuh nu asup syarat jadi pendonor basa dipariksa. Néang di PMI kabeneran keur kosong. Antukna ngumaha ka Chandra nu kabeneran golongan darahna sarua jeung bapana.

"leuh, dangukeun nya. Bapa mah moal robah jadi bageur jeung doer ka hidep ameh bisa jadi minantu pédah geus nulungan," cek Kosasih

44 Cinta

"Ti saprak kawin ka indung hidep, Apih usaha satelahah teu digawé bari sakola saluhur-luhurna. Ningali tékad jeung sumuhun Apih bisa sukses jiga ayeuna. Eyang nyambat deui mantuna," cek Kosasih bari imut. Paingan, Sondari mindeng leungiteun ku bapa da arang langka aya di imah. Lamun balik digawé, bapana langka kuliah. Nu ngaranna béasiswa kuat ka dituadag, bakat ku harita sakola. Bapana kungsi nyaritana yén ménak jaman ayeuna mah dumana kana atikanana. Beuki luhur atikan beuki dipikasérab ku batur.

"Dupi hubunganana sareng ramana Chandra naon? Apih nu bendu pisan ka arjunanna," cek Sondari. Manéhna asa boga jadi Hayang nanyakeun ti baheula, karék wani ayeuna.

"Apanan indung hidep téh baheula dirérémokeun ka ramana Chandra pédah sarua turunan ménak!" cek Kosasih mertelakeun bari rada jamedud. Sondari jeung indungna papelolong-pelong, sieunna Kosasih ngambek. Tapi bapana jadi leuleuy.

"Oh, kahartos upami kitu mah, Pih. Janten ayeuna badé kumaha? Cék Sondari hayang neuleuman eusi haté bapana.

"Nénjo patékadan Chandra nu sakitu dariana ka hidep, teu gancang sieun diambek ku Apih. Eyang hidep nu sakitu galak jeung kumaha ogé tungtungna mah geuning ngaku ka Apih jadi minantuna. Pirah! Apih teu bisa narima Chandra jadi minantu?" Cék manéhna beuki mésem.

Ngadéngé omongan bapana, Sondari colohok. Teu lila, manéhna nyampeurkeun bapana tuluy nyimb dina suku bapana bakat ka atoh. Gabrug rangkep Kosasih. Bapana ngusapan buuk Sondari. Indungna mah ukur bisa rambang. Sondari teu kuateun nahan cipanon kabungah. Berebet lumpat ka luar. Langsung nga-WA ka Chandra, nepikeun ieu béja kabungah.

Di buruan, kembang-kembang nu keur meujeuhna ligit diunteupan ku rupa-rupa kukupu. Bet mawa ligar kana haté Sondari.

P13 Entragan Kabéh


46 Cinta

Milly Dwiyani Putri, 2023



KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu









## 7) Carpon "Sanggeus Sapuluh Taun" Karya Eryandi Dahlan





Milly Dwiyani Putri, 2023



KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu





## 8) Carpon "Nu Teu Dipiharep" Karya Zénal Wahyu



Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Apan sawarga téh tempat nu éndah. Makom nu agung tur suci. Kanimatan nu langgeng pikeun jalma-jalma soléh jeung soléhah, anu leket kana ibadah. Jalma anu teu kendat takorub ka Dat Illahi Robbi ogé hadé, nyaah, micinta ka sasama. Asa mustahil éta tempat suci téh aya dina raga anu kitu peta, saperti Mamah. *Astaghfirulloh*, Duh, *Gusti*, hapunten abdi, ieu goréng sangka ka nu janten indung bet ngandelan.

Bapa?

Enya nu disebut Bapa ayeuna téh lain bapa pituin. Tapi asa sarua sampurnana jeung Bapa pituin. Umur genep taun bapa kuring dipundut ku nu Rahayu, alatan panyakit *liver*. Umur genep taun kuring yatim. Tangtuna geus inget, kumaha rasana leungiteun, sedih jeung kanyeri téh. Kuring ceurik teu sirikna gogokan, nepi ka leslesan. Sabab karasa, enya bukti, Bapa mah cinta munggaran keur anak awéwé. Bapa mah hiji-hijina lalaki nu moal kungsi nganyenyeri. Kuring apal jeung hatam kana parfum nu dianggo ku Bapa. Sanajan keur tibra saré tengah peuting, mun Bapa mulang ti panyabaaan, terus nyium tarang, kuring bakal beunta. Taya basa lulung atawa baruruten, da langsung apal, atoh kacida, ieu mah Bapa.

Sok hayang geura *subuh*, milu ka tajug. Digandong. Beurangna sasapédehan di jalan jajahan atawa leuleumpangan dina galengan pasosoré. Urang ningal layung, kitu mun ngajak kuring ulin ka sisi sawah téh. Enya, jeung layung kuring sok anteng. Di layung loba tongtonan. Kawas layar nu dibéber pikeun mintonkeun seni mahakarya ciptaan nu Mahakawasa. Aya méga nu ngajirim siga mahluk hirup, saka peung aya katumbiri anu melengkung. Dipapaés manuk-manuk nu haliber luhur. Lapat-lapat kasawangna. Nu pangdipikaresepna lian ti aya katumbiri téh, saka peung sok kabeneran aya kapal surutu ngaliwat, haseupna panjang ngagebay tina buntutna kawas erél.

"Kapal téh sapertos karéta, Pa, aya erélan," ceuk kuring bari ngacir nuduhkeun kapal nu liwat luhureun méga narabas layung.

Bapa mah ukur mésem, bari ngusapan buuk. Tapi, nu matak ngaganggu kana kaéndahan layung mah, nya éta mun geus aya langlayangan nu ngapung luhur pisan. Ngaruksak éstétika layung. Tapi da ceuk kuring éta mah. Sok ngagokan teuteupan. Eh, kajaba

Kumpulan Carita Pondok 139

kétang lamun éta langlayanganana kapakan. Kakara resep. Resep ku ngalayangna. Saka peung nyirorot, saka peung ngelembung, saka peung mumbul deui. Maké jeung sok kapikiri, na di mana ragnana, saha nu mulung tur ngarawatan éta langlayangan? Padahal mah teu perulu dipikiran pan?

Najan kanyaahna nu sarwa singget tapi sampurna karasana. Kungsi aya dina pikiran, moal aya nu bisa ngaganti Bapa. Sing saha baé ogé. *Harita* kuring can nyaho naon nu disebut déwasa atawa akil balég téh. Ngan kungsi inget ari mimilu ngaji *Sapinah*, kungsi ngadéngé aya istilah *idah*. Tah, basa Bapa can jangkép opatpuluhna, Mamah geus ninggalkeun imah. Kuring dibongohan, ditinggalkeun waktu keur aya di sakola. Sabab balik ka imah Mamah geus teu aya. Ditunguan nepi ka soré, lebeg waé. Ceuk tanganna nu manggihan di jalan gedé, cenah maék beus ka kotakeun, mawa koper.

Pantes, *tilu poé* saméméhna, Mama ngalélang barang-barang titinggal Bapa. Tipi, tip dék, korsi, lomari jeung sajabana. Alesanana mah sok sedih ningali barang-barang éta téh. Inget ka jenatna, cenah. Kuring ceurik sasambat, tapi Mamah taya mulang. Saminggu, dua minggu, sabulan dua bulan, Mamah taya mulang. Tong boro mulang, taya iber-iberna acan. Kawas nu diteureuy bumi. Leungit tanpa lebih, ilang tanpa karana.

Untung aya Bapa, Bapa kuring nu ayeuna, adi Bapa jenatna. Nyaaahna sarua, sampurnana sarua. Bapa réla ditinggalkeun kawin nu papacanganana, geus sababaraha kali. Alesanana kuring. Saka peung mah sok asa jadi pangbeubeurat keur Bapa. Alatan kuring Bapa gagal waé kawin. Bapa sok ngaku jeung ngajukeun pasaratan, yén geus boga budak jeung mun daék dikawin kudu *milu mikanyaah* ka budak, nya nyaah ka kuring. Mun henteu, kajeun pepegatan.

Kungsi hayang ingkah ti imah, sabab ngarasa jadi panghalang kana jodo Bapa. Hayang jauh. Tapi ka mana? Kuring gé nyaah kacida ka Bapa. Rumasa deuih sok timburu mun sakalina Bapa ngawanohkeun awéwé ka Ma Nini jeung Abah, aki kuring. Sieun leungiteun nyaahna. Engké kuring kumaha.

Sukurna, geuning aya awéwéna. Bapa ngajodo jeung Ibu, kitu

140 Cinta

kuring nyebut ka istri Bapa. Anjeunna nyaheun pisan. Malah mun dibandingkeun mah leuwih ti indung pituin. Tara diwilah-wilah jeung adi-adi kuring, anak-anak Bapa ti Ibu. Kuring nyaah pisan ka adi-adi, sabalikna adi-adi hormat ka kuring. Ah, asa dulur sakokocoran wé. Lain béda indung, teu béda bapa. Bapa jeung Ibu, enya gé lain indung biologis, tapi indung ideologis jeung indung idealis nu sampurna pikeun kuring.

Béda. Béda jauh jeung indung pituin. Indung nu ngakandung, indung nu kungsi ngalahirkeun. Tapi kurang tanggung-jawabna. Dina mangsa kuring keur butuh ku perhatian jeung kanyaah nu sakuduna, Mamah ingkah ngajauhan, ninggalkeun kuring sorangan. Teu rasan. Ayeuna kuring geus sawawa. Sakola geus jujur. Pakasaban kawilang mapan, Si Mamah maluruh. Datang néang mapagkeun. Ngajak ka tempatna nu ayeuna. Ngariung ngahiji jeung kulawargana. Nurutkeun napsu jeung kanyeri mangsa ka tukang mah, teu hayang teu sing ngagugu komo nuturkeun kahayangna.

Mun lain Bapa nu ngolo jeung ngalemu. Magarkeun, sok wé milu heula. Coban saminggu mah cicing di imahna. Mun betah teruskeun. Da dalah dikumaha gé éta téh indung nu ngandung. Mun téa mah teu betah, tinggal mulang ka Bapa. Rék iraha baé. Jeung sakalian wé rék bébéja yén baris aya lalaki nu deuk mileuleuheungkeun. Bapa mah ukur neruskeun amanah jeung wasiat Bapa jenatna, sangkan kuring dirawat samistina. Kitu cenah.

"Can parat sabenerna mah Bapa nedunan amanat bapa hidep téh," ceuk Bapa bapa kuring rék miang nedunan kahayang Mamah.

"Langkung ti parat, Pa. Bapa ngarawat Enéng, nyakolakeun dugi ka sarjana. Naon deui. Néng nu rumaos, teu acan tiasa mulang tarima."

Bapa kalah ka geuwat nangkep. Nyiuman embun-embunan. Jep, cenah, tong ngomong soal mulang tarima. Kuring masih kénéh kaasup tanggunganan anjeunna. Ngarawat jeung ngadidik mah kapan kawajiban kolot, hak nu jadi anak. Paréntah Alloh. Jeung panjang lébar deui Bapa cacarios.

"Bapa baris ngarasa ngemplong mun seug geus laksana ngawalian

Kumpulan Carita Pondok 141

hidep. Moal deui ngarasa boga hutang badag."

"Sametan naon ari Bapa?"

"Jangji. Jangji Bapa ka Bapa hidep. Moal kagok ngurus hidep, mun bisa jadi walina sakaligus."

Mamah beuki kalap. Terus ngacacang. Ngagoréng Bapa bari angger asa nu pangbenerna. Nyarékan, ngabébak laklak dasar.

"Mamah nu ngandung téh. Mamah nu ngalahirkeun téh. Nyeri kacida. Geus sakuduna mulang tarima jeung ngagugu ka nu jadi indung. Manéh kudu daék ka lalaki nu bakal dijodokeun ku Mamah. Titik! Mun henteu, kajeun."

Asa beuki lieur ieu Mamah. Enya Mamah nu ngakandung, enya Mamah nu ngalahirkeun. Kabayang kumaha nyerina. Pan ceuk katerangan gé *wahman 'ala wahmin*, ripuh nu kacida ripuhna. Tapi naha atuh teu hatam ngurus kuring. Teu ngarawat, teu ngadidik, ninggalkeun, ngantep mangtaun-taun. Salila ieu kumaha kabar Mamah. Halow. Mamah aya di mana. Ayeuna ujug-ujug. Néng reuwas, Mah.

Saparatna nyarita nu teu kebat kitu. Mamah ngojéngkan ka kamar, kaluar deui bari nulak angkéng, jeung meureupan.

"*Astaghfirullohal adziim*, Mamah ku naon? Istighfar, Mah. Istighfar!"

Kuring lumpat, da sieun ditonjok. Tapi teu apa kana kaayaan imah. Kuring tidagor kana tihang panto, blug labuh. Inget inget geus aya dina dipan IGD, bari diriung dokter jeung perawat.

Mamah, muga Mamah sadar. Geuning ku naon Mamah ngamprokan jeung ngajak ka imah Mamah, horéng rék ngajodokeun Néng sakaligus dijajikeun *panaur hutang* Mamah nu salapat hulu ka tukang rénten. Ku téga téh kaleuleuwih, anak sorangan rék dijuat. Upami Mamah balaka kagungan sambetan badag, moal burung diusshakeun ku Enéng, sangkan tiasa lunas, cek haté, sotéh.

P13 Entragan Kadua





142 Cinta

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 9) Carpon “Tasma” Karya Walid M Taufik



Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kuring anu nanyana ogé asa jadi teu puguh.

"Upami teu kersa ngawaler mah sawios," ceuk kuring.

"Saéstuna mah abdi téh panonna parantos teu patos awas," ceuk manéhna bari luk tungkul.

Kuring ukur ungueuk surti. Atuh puguh ari kitu mah. Ngahaja teu waka nanya, bisi tacan kebat nyaritana.

"Rupina mah *miopia*. Eta wé upami ningal anu tebih wungkul teu awasna mah. Upami ningal anu caket mah biasa baé," ceuk manéhna nétélakeun.

"*Miopia*?" Ceuk Bima anu horéng milu ngabandungan. Teuing iraha jolna mah.

"Cobi ieu angka sabaraha?" Ceuk Bima bari ramona dua ngacung.

"Dua," témbal Purbasari.

"Geuning eta katingali," ceuk Bima bangun panasaran.

"Nya heueuh katempo atuh, Bim. *Miopia* mah teu awas ningali anu jauh wungkul. Tangtu béda jeung lolong." Ceuk kuring bari seuri.

"Aéh, heueuh. Puntén wé bilih teu katingali," ceuk Bima.

"Naha teu wawartos ka sepuh atuh? Parantos diparios?" Cék kuring deui.

"Teu acan nya éta. Abdi téh teu acan wantun nyarios ka sepuh mah. Ieu ogé puju nabung heula kanggo mésér tasma. Kahoyong mah tiasa mésér sorangan," ceuk manéhna.

"Padahal mah kedah nyarios. Bilih kabujeng parna."

Manéhna ukur bisa cicing. Kuring ogé maké tasma téh keur SMP. Barang mimiti teu awas ogé langsung pupulih ka kolot. Ari duitna mah anu kuring wé da boga tabungan.

"Kumaha upami diémbohan heula ku artos abdi? Mugi waé tiasa

énggal diparios," ceuk kuring nawaran. Asa karunya tuda.

"Hatur nuhun pisan, nanging sawios teu kedah répot-répot. Ayeuna mah sementawis upami nulis téh ningal heula ka anjeun, sawios?"

"Sumuhun, mangga. Kapan biasana ogé kitu, nanging,"

"Nanging kumaha?"

"Mugi waé saénggalna tiasa diparios. Hawatos, Nyai," ceuk kuring bari imut. Manéhna milu imut deuih. Tuh, imut mah nambahan geulis jeung manis geuning. Henteu ari dibedakeun mah. Ukur haté kuring anu ngomong téh. Nya ti harita kuring jadi panon keur manéhna. Sababaraha bulan ti harita manéhna dipariksa ka dokter mata.

"Engkang!" sora pamajikan kapireng nyalukan.

Asa kagebah keur anteng ngumbar panineungan téh. Sok buku catetan poéan mah diteundeun dina kasur.

"Aya naon, Nyai?" Cék kuring, bari léos ka dapur.

"Saha anu naheur cai?"

"Alah, Akang hilap," ceuk kuring bari garo garo teu ateu.

"Yéh, kadé atuh. Basa ka luar ti jamban téh langsung dipareuman. Ti tatadi ngagolak rupina mah," ceuk pamajikan.

"Anteng maca buku, nya?" Ceuk manéhna deui.

Kuring ukur imut. Baheula anu jadi babaturan sabangku, kiwari geus jadi batur hirup keur salawasna.

### Lampiran 3. Data Struktur Carita jeung Aspék Sosial Carita

#### A. Kartu Data Téma

##### 1. Carpon “Cinta”

###### Téma : Sosial kahirupan asmara rumah tangga

Geus nincak ka lima taun, can aya tanda-tanda Cinta rék boga budak. Duriat ngajak Cinta mariksakeun ka dokter ahli kandungan. Kitu ogé Duriat, dipariksa kasuburan. Tina hasil pamariksaan, tétéla Cinta nu moal bisa ngandung. Sabab kungsi aya kista dina rahim nu kaitung gangas, sarta geus kungsi dioperasi.

(C/KU1/KC. 2)

Dina waktu Duriat wakca ménta ijin rék rarabi deui, cenah kahayang akina. Nu keukeuh nitah Duriat néangan deui. Ku gampang geuning nitah ngaganti pamajikan téh.

(C/KU1/KC. 4)

Mending ngurus barudak waé. Aya Béntang nu jadi kabungah haténa.

(C/KU1/KC. 4)

Gusti Allah ngaguratkeun takdir Cinta jadi indung di panti. Sanggeus sakitu taun miharep kabagjaan jadi indung nu ngalahirkeun anak-anakna ti nu dipikacinta salawasna.

(C/KU1/KC. 5)

##### 2. Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”

###### Téma : Sosial Asmara

Harita manéhna atasan kuring, nu jadi dalit ku urusan pagawéan. Meureun keuna paribasa, kalah ku deukeut jadi geugeut. Pikir bet poék, teu noli kaayaan manéhna nu geus rumah tangga, teu beunang diélingan, teu ngagugu ka Mamah nu nangis mépélingan.

(KKH/KU2/KC8)

“Atuh kantun milari deui, nu kersa ngaréncangan bari babakti. Da tangtos seueur nu miharep.” Kuring ngolongan, pédah asa aya jalan.

“Ah, duka Néng. Asa mending kieu wé Akang mah.”

(KKH/KU  
2/KC12)

### 3. Carpon “Natratna Duriat”

#### Téma : Sosial Asmara Kasatiaan

Saenyana harita gé jawaban kuring téh geus tandes, yén taya niat rék rarabi deui. Loba alesan mah, malah dicaritakeun ka manéhna ge. Kahiji ngarasa geus kolot, umur geus rék tujuh puluh taun. Karunya ka barudak. Heug si Cikal rék minantuan. Kacipta éraeunana, indungna panganténan kawas nu papaheula jeung incu. Ari alesan nu utama mah, ieu haté teu bisa pegat, inget baé ka jenatna Kang Rahadi, salaki nu kungsi hirup babarengan leuwih ti satengah abad lilana. Nu pajar cinta kuring moal laas, iwal kapegat ku pati, teu sigana.

(ND/KU3/KC15)

### 4. Carpon “Balakaciut”

#### Téma : Sosial Kahirupan Asmara

Ari balaciut mah weléh teu kapanggih. Ogé rasa kuring ka manéhna. Teu kaharti. Hayang salilana deukeut. Embung papisah lila. Hayang tuluy babarengan. Aya kamelang sieun manéhna deukeut jeung batur.

(B/KU4/KC24)

Proposal maju dirawatan bari kuring dilibatkeun asup dina ngalajuninglakukeun proposal téa. Riweuh tapi resep. Aya pangalaman anyar. Tapi kuring teu laksana kawin ka Salsa. Kawasna manéhna teu bisa nungguan kuring, da kaburu dilamar ku Kang Dartar.

(B/KU4/KC26)

Saenyana geus lima taun ka tukang kuring meunang béja yén Salsa geus hirup nyorangan téh. Kang Dartar, carogéna pupus alatan serangan jantung.

(B/KU4/KC21)

### 5. Carpon “Ligarna Haté”

#### Téma : Sosial Asmara jeung Kulawarga

“Jauhan Chandra, da loba lalaki mah. Didungakeun ku Apih, sing meunangkeun nu leuwih ti manéhna.”

(LH/KU5/KC43)

“Teuh, dangukeun nya. Bapa mah moal robah jadi bageur jeung doa ka hidep ambeh bisa jadi minantu pédah geus nulungan”, cék Kosasih teugeug.

(LH/KU5/KC44)

“Nénjo patékadan Chandra anu sakitu dariana ka hidep, teu gimir sieun diambek ku Apih. Eyang hidep nu sakitu galak jeung kumakina ogé tungtungna mah geuning ngaku ka Apih jadi minantuna. Piraku Apih teu bisa narima Chandra jadi minantu ?”

(LH/KU5/KC46)

#### 6. Carpon “Nu Kungsi Dipiharep”

##### **Téma : Sosial Asmara**

Hanjakal teu pok waktu ditanya ku kolotna. Padahal Sifa mah geus waléh sanggup nungguan kuring. Ari kuring teu pati yakin ka diri sorangan.

(NKD/KU6/KC97)

Pepegatan jeung Sifa alatan teu sanggup pajauh, jol Rahmi. Haté ngait kénéh ka Sifa. Sedengkeun Rahmi beuki deukeut, asa tingtrim. Tapi kudu ayanu dipilih sanajan beurat. Puguh matak héran, na ari anu nembrak silihpikeun jeung Sifa tungtungna pepegatan. Sedengkeun anu rarasaan mah rikip jeung Rahmi bet tuluy dirapalan.

(NKD/KU6/KC98)

#### 7. Carpon “Sanggeus Sapuluh Taun”

##### **Téma : Sosial Asmara jeung Kulawarga**

Unggal ka dinya pasti panggih jeung mangmacakeun buku Anti atawa mangnuliskeun tugas kuliahna. Biasana mun geus bérés nanaon, duaan ngawangkong. Ku seringna panggih, dna haté kuring jorojoy aya rasa nu béda. Cinta meureun.

Atuh dina hji waktu kuring wakca bogoh ka manéhna, nyaah.

(SST/KU7/KC123)

*Ngahaturkeun nuhun Bapa sareng Ibu téh Encép pami mikanyaah ka anak Bapak sareng Ibu, namung punten Bapa sareng Ibu moal nampi.*

(SST/KU7/KC125)

### 8. Carpon “Nu Teu Dipiharep”

#### **Téma : Sosial Kulawarga**

Tah, basa Bapa can jangkep opatpuluhna, Mamah geus ninggalkeun imah. Kuring dibongohan, ditinggalkeun waktu keur aya di sakola. Sabab balik ka imah Mamah geus teu aya.

(NTD/KU8/KC.140)

Geuning ku naon Mamah ngamprokan jeung ngajak ka imah Mamah, horéng rék ngajodokeun Néng sakaligus dijadikeun panaur hutang Mamah nu salaput hulu ka tukang rénten. Ku téga téh kaleuleuwihi, anak sorangan rék dijual. Upami Mamah balaka kagungan sambetan badag, moal burung diusahakeun ku Enéng, sangkan tiasa lunas, cék haté, sotéh.

(NTD/KU8/KC142)

### 9. Carpon “Tasma”

#### **Téma : Sosial Asmara**

Basa keur ngobrol jeung babaturan anu anyar pinanggih, rentang-rentang aya budak awéwé datang. Sok wé tasna téh diteundeun dina bangku kuring. Gék wé manéhna téh diuk. Ku kuring ogé diantep wé da kagok keur ngobrol tacan kebat.

Sikep manéhna anu tiis alah batan és téh lain ukur carita

(T/KU9/KC151)

Baheula anu jadi babaturan sabangku, kiwari geus jadi batur hirup salawasna.

(T/KU9/KC154)

## B. Kartu Data Galur

### 1. Carpon “Cinta”

#### Galur : Campuran

##### (a) Tahap *Situation*

Ti basa gok ogé Cinta geus resep jeung kataji ku Duriat, lanceuk bwaanana. Tapi Cinta sadar, maenya bogoh ka dulur téré. Manéhna satékah polah neken perasaan, sangkan ulah bogoh. Tapi kalah beuki kuat, beuki teu mampuh nyinglar rasa nyaahna. Komo sanggeus Duriat balaka yén manéhna gé sarua.

(C/KU1/KC2)

##### (b) Tahap *Generating Circumstances*

Tungtungna indung bapa duanana sapuk, ngidinan maranéhna meungkeut kanyaah ku pertikahan.

(C/KU1/KC2)

##### (c) Tahap *Rising Action*

Tina hasil pamariksaan, tetela Cinta nu moal bisa ngandung. Sabab kungsi aya kista dina rahim nu kaitung ganas, sarta geus kungsi dioperasi.

(C/KU1/KC2)

##### (d) Tahap *Climax*

Mun bisa nawar mah ka Nu Kagungan, Cinta rék nyuhunkeun budak nu bakal lahir tina rahimna téh ayeuna. Ayeuna pisan. Dina waktu Duriat wakca ménta ijin rék rarabi deui, cenah kahayang akina.

(C/KU1/KC4)

##### (e) Tahap *Denouement*

Cinta diharepkeun sadia milu ngurus barudak panti ku yayasan. Malah dititah ngaganti tugas Ibu Pimpinan panti nu geus hayangeun pangsiun. Pihak yayasan kataji ku getén jeung tulaténna Cinta. Gusti Allah ngaguratkeun takdir Cinta jadi indung di Panti.

(C/KU1/KC5)

## 2. Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”

**Galur : Campuran**

### (a) Tahap *Situation*

Pukul sapuluh, kakara bérés popoé. Ti isuk nyeuseuh mah, ngan bari kaselang-selang bébérés jeung saksak-siksik.

Kop kanah HP, bray dititénan dipapay. Aya japri hiji, ti Kang Munandar.

(KKH/KU2/KC7)

### (b) Tahap *Generating Circumstances*

Harita manéhna atasan kuring, nu jadi dalit ku urusan pagawéan. Meureun keuna paribasa, kalah ku deukeut jadi geugeut. Pikir bet poék, teu noli kaayaan manéhna nu geus rumah tangga, teu beunang diélingan.

(KKH/KU2/KC8)

### (c) Tahap *Rising Action*

Mamah nalék kuring, satekah polah mépélingan sangkan kuring sadar yén kalakuan kuring téh teu hadé. Lian ti Kang Munandar geus boga kulawarga téh, pan dina umur gé sakitu ganjorna.

Kuring neugtreug teu maliré papagah Mamah.

(KKH/KU2/KC9)

### (d) Tahap *Climax*

Ngahaja, mun aya urusan kantor ka luar kota, kuring nu sok dibabawa. Kuring beuki palid kana kasenangan dunya, dipupuhkeun sagala rupa. Nepi ka naon nu dipikahariwang ku Mamah, kajadian, kuring jeung Kang Munandar kamalinaan, tigebrus ngarempak papagon.

(KKH/KU2/KC9)

“Sing tingtrim, Néng. Keun waé urang mah kieu wé. Pokona mah, Akang moal ninggalkeun. Bakal tetap mikanyaah nepi ka iraha waé gé, satungtung Enéng suka. Enéng sing narima kana kanyataan, Akang moal bisa ninggalkeun kulawarga.”

(KKH/KU2/KC10)

**(e) Tahap *Denouncement***

Leng tetempoan asa pararoék, samagaha sosoranganan. Nyeri lain dikieuna ku kekecapan Kang Munandar, haté nu kungsi rengat, ayeuna bubuk sapisan.

(KKH/KU2/KC12)

Mamah, hapunten Enéng. Enéng ngalalaworakeun panggeuing Mamah harita. Nongtoréng kénéh kamelang Mamah harita, sieun Enéng kagémbang kalangkang heulang.

(KKH/KU2/KC13)

**3. Carpon “Natratna Duriat”****Galur : Campuran****(a) Tahap *Situation***

méré jawaban ka Kang Sodak.

(ND/KU3/KC15)

Tapi Kang Sodak angger keukeuh, hayang hirup babarengan, méakkeun sésa hirup, pokna.

(ND/KU3/KC16)

**(b) Tahap *Generating Circumstances***

Kacinta kanyaah Rahadi geus karas ati jaman rumaja kénéh.

(ND/KU3/KC16)

Kudu tegas engké téh, yén duriat ka Kang Rahadi, natratna kénéh dina dada. Cinta moal bisa dipaksakeun, duriat angger ajeg ka saurang.

(ND/KU3/KC17)

**(c) Tahap *Rising Action***

Kadéngé sora HP disada. Basa dipencét, ti Kang Sodak. Cenah rék ka imah téh jam hiji, rérés nguruskeun perusahaanana. Aya nu kudu dibéberés cenah.

Maké jeung diimplik-implikan, aya hadiah keur kuring cenah. Teu sing régrog pamadegan téh. Angger kuring moal hayang kawin deui.

(ND/KU3/KC17)

**(d) Tahap Climax**

“Sumuhun, Abdi téh dijurungan ku Bapa, saurna hapunten teu tiasa ka dieu, Margi teu tiasa ngantunkeun rapat sareng para pemilik saham.”

Teu lila manéhna nelepon kana telepon imah. Henteu papanjangan cenah ngan hayang jawaban surat téa.

“Tos, tos, tong diteraskeun. Akang malum,” cenah. Telepon ditutup.

(ND/KU3/KC19)

**(e) Tahap Denouement**

Kuring ngaréhnap, gék diuk dina korsi ruang tengah.

Rét deui kana potrét kuring keur duaan jeung almarhum, basa mulang ti Tanah Suci.

(ND/KU3/KC19)

**4. Carpon “Balakaciut”**

**Galur : Campuran**

**(a) Tahap Situation**

Saenyana geus lima taun katukang kuring meunang béja yén Salsa geus hirup nyorangan téh. Kang Dartta, carogéna pupus alatan serangan jantung. Tapi kuring can kungsi nepungan. Pangpangna mah teu nyaho alamat imahna. Ari sabab séjénna mah, aya rasa hamham, inggis ku manéhna henteu ditarima kalawan kabungahan.

(B/KU4/KC21)

**(b) Tahap Generating Circumstances**

Basa tepi ka imahna, kasampak ayan u keur cingogo, nyanghareup ngétan.

Kabeneran kuring datang ti beulah kulon. Nangtung tukangeunana, moal katohyan da kalangkang kuring aya di kulon.

(B/KU4/KC21)

**(c) Tahap *Rising Action***

Kakara engeuh, dna ayakan geus aya jotang, sintrong, nyalinyit, jeung antanan. Inget baheula karesep jeung babaturan téh ngabring ka gunung.

(B/KU4/KC23)

**(d) Tahap *Climax***

Geuwat kuring nulungan, supaya teu labuh.

Jung manéhna nangtung, nguliat, terus ruku, ngalempengkeun cangkéng ka sisi ka gigir. Siap malik ngulon. Aduh kuring reuwas. Can siap nyanghareupan manéhna. Tapi manéhna kaburu ngalieuk. Bangun reuwas nénjo kuring aya di dinya.

(B/KU4/KC24)

**(e) Tahap *Denouement***

Kuring ngaharéwos, yén tepi ka ayeuna gé léngoh kénéh. Teu payu. Nu matak ka dieu gé susuganan aya kénéh ngaran kuring dina haténa.

(B/KU4/KC27)

**5. Carpon “Ligarna Haté”**

**Galur : Campuran**

**(a) Tahap *Situation***

Panonna neutepu teleb Kosasih, bapana nu aya dihareupeunana. Indung sondari nyampeurkeun bari nanggeuy baki pinuh ku dahareun. Tiluan balakécrakan diselang ku ngawangkong, gogonjakan suka seuri bari nyaksian kaayaan pasoré di buruan imah nu pinuh ku rupaning kembang.

(LH/KU5/KC41)

**(b) Tahap *Generating Circumstances***

“Apih ningali Ndari kamari di payuneun mall jeung hiji lalaki. Mani bangun nu raket pisan. Saha éta?”

“Réréncangan.”

“Réréncangan atawa réréncangan? Ieuh, ulah sok ngabohong ka kolot téh. Pamali.” Kosasih nyindiran. Antukna Sondari balaka, yén éta téh Chandra kabogohna.

(LH/KU5/KC43)

**(c) Tahap *Rising Action***

“Jauhan Chandra, da loba lalaki mah. Didungakeun ku Apih, Sing meunangkeun nu leuwih ti manéhna.” Kosasih nyaritana mani nyeuneu, bangun nu ambek pisan. Sondari reuwas teu gugur teu angin kudu megatkeun tali asih jeung Chandra. Manéhna nanyakeun alesanana, tapi teu dijawab ku Kosasih.

(LH/KU5/KC44)

**(d) Tahap *Climax***

“Ieuh, dangukeun nya. Bapa mah moal robah jadi bageur jeung doa ka hidep ambeh bisa jadi minantu pédah geus nulungan,” cék Kosasih teugeug.

(LH/KU5/KC44)

**(e) Tahap *Denouement***

“Nénjo patékadan Chandra nu sakitu dariana ka hidep, teu gimir sieun diambek ku Apih. Eyang hidep nu sakitu galak jeung kumakina ogé tungtungna mah geuning ngaku ka Apih jadi minantuna. Piraku Apih teu bisa narima Chandra jadi minantu?” Cék manéhna bari mésem.

(LH/KU5/KC46)

**6. Carpon “Nu Kungsi Dipiharep”**

**Galur : Campuran**

**(a) Tahap *Situation***

Poé ahad soré lapang geus dirogrog ku nu lalajo, lolobana mah orang tua siswa SSB. Tangtu reueusna ngalalajoanan barudakna. Final kelompok umur U-15 téh SSB nu dikokolakeun ku kuring ngalawan SSB Samba nu katotol tanggoh.

Lah, bet jol seseblakan ieu haté. Na ka mana saurang deui pamaén téh?

(NKD/KU6/KC95)

**(b) Tahap *Generating Circumstances***

Duh Gusti, asa ngimpi amprok jeung wanoja anu kungsi silih teundeun harepan welasan taun ka tukang.

(NKD/KU6/KC96)

**(c) Tahap *Rising Action***

Dina *bench* inget deui ka dokter Sifa. Haté ngalenyap barang nénjokeu fisioterapis anu lulumpatan ka tengah lapang, aya pamaén anu cidera, diadu jeung pamaén lawan. Lamunan buyar.

(NKD/KU6/KC96)

**(d) Tahap *Climax***

Ah, bet aya hanjakal nu teu bisa dileungitkeun dina haté nepi ka ayeuna. Hanjakal teu pok waktu ditanya ku kolotna.

(NKD/KU6/KC97)

**(e) Tahap *Denouement***

Basa panon melong mobil Sifa ngageuleuyeung, haté bet nyérédét. Meureun mun kuring jeung Rahmi boga anak téh geus saumuran jeung Zidan.

(NKD/KU6/KC99)

**7. Carpon “Sanggeus Sapuluh Taun”**

**Galur : Campuran**

**(a) Tahap *Situation***

Rada reuwas basa narima telepon ti Dédé téh. Atuda eukeur mah geus lawas teu patepung, ari ayeuna ujug-ujug nelepon. Tur mani omat-omatan pisan. Ditambahan, cenah ayanu hayang panggih jeung kuring.

(SST/KU7/KC121)

**(b) Tahap *Generating Circumstances***

Inget kana hiji ngaran, Murwakanti, nu kungsi nyangkaruk dina haté. Cinta nu tetap aya dina ati ka manéhna, bisa jadi nu ngalantarankeun kuring tepi ka ayeuna lalagasan kénéh.

(SST/KU7/KC121)

**(c) Tahap *Rising Action***

Dédé nuturkeun kuring, tuluy ngawanohkeun manéhna. Murwakanti Syarifah, nenehna Anti.

(SST/KU7/KC122)

Ku seringna panggih, dina haté kuring jorojoy aya rasa nu béda. Cinta meureun.

(SST/KU7/KC123)

**(d) Tahap *Climax***

Kuring ngajak Anti ka indung bapana.

(SST/KU7/KC124)

Namung ti awal kénéh gé Bapa sareng Ibu tos sapuk, pami aya pameget awas kersaeun ka Si Nyai, moal ditampi.

(SST/KU7/KC125)

**(e) Tahap *Denouement***

Teu lila Dédé balik deui, katénjona duaan.

(SST/KU7/KC127)

Basa ditanya daék henteuna dipihukum, manéhna unggeuk bari imut.

(SST/KU7/KC128)

**8. Carpon “Nu Teu Dipiharep”****Galur : Campuran****(a) Tahap *Situation***

Mun téa mah ku cara kieu jadi kiparat pikeun dosa perdosa Mamah, Rido lillahita’ala. Moal ngarasula. Moal aral subaha. Jeung mun bisa ngabalukarkeun anjeunna sadar, terus babalik pikir, tada teuing gumbirana ieu haté.

(NTD/KU8/KC/137)

**(b) Tahap *Generating Circumstances***

“Pokona Mamah teu satuju. Peun!” Saur Mamah

Kalimah Mamah teugeug pisan. Pasemonna kucem, nyidem kaceuceub nu tan wates wangen, basa kuring bébéja yén aya lalaku nu rék datang nanyaan.

(NTD/KU8/KC137)

**(c) Tahap *Rising Action***

Karék gé cicing samingguan di tempat Mamah, asa geus weureu jeung murel dibaruang ku julidna. Mamah nu teu weléh ngajejéléh jeung ngagoréng Bapa. Dua puluh taun diurus, digedékeun ku Bapa, asa can kungsi ngagoréng Mamah.

(NTD/KU8/KC138)

**(d) Tahap *Climax***

Mamah beuki kalap. Terus ngacacang.

“Mamah nu ngandung téh. Mamah nu ngalahirkeun téh. Nyeri kacida. Geus sakuduna mulang tarima jeung ngagugu ka nu jadi indung. Manéh kudu daék ka lalaki nu bakal dijodokeun ku Mamah. Titik! Mun henteu, kajeun.”

(NTD/KU8/KC142)

**(e) Tahap *Denouement***

Mamah, muga Mamah sadar. Geuning ku naon Mamah ngamprokan jeung ngajak ka imah Mamah, horéng rék ngajodokeun Néng sakaligus dijadikeun panaur hutang Mamah nu salaput hulu ka tukang rénten.

(NTD/KU8/KC142)

**9. Carpon “Tasma”****Galur : Campuran****(a) Tahap *Situation***

Poé ieu kuring jeung pamajikan mimiti pindah imah. Kamari sawaréh paparabotan mah geus nungtutan diakutan. Ayeuna kari bébérés. Sanajan capé ogé teu kendar nyukurkeun ni'mat ti Anjeunna. Kacida bagjana bisa boga imah sorangan.

(T/KU9/KC149)

**(b) Tahap *Generating Circumstances***

Cul wé heula naheur cai mah. Kuring buru-buru ngajingjing kardus anu eusina buku téa.

Aéh, gening aya buku batetan poéan anu nyelap. Nya di jerona pirang-pirang panineungan kuring waktu saragem bodas kulawu.

(T/KU9/KC150)

**(c) Tahap *Rising Action***

Basa keur ngobrol jeung babaturan anu anyar pinanggih, rentang-rentang aya budak awéwé datang. Sok wé tasna téh diteundeun dina bangku kuring. Gék wé manéhna téh diuk.

(T/KU9/KC151)

**(d) Tahap *Climax***

“rupina mah *miopia*. Éta wé upami ningal anu tebih wungkul teu awasna mah. Upami ningal anu caket mah biasa baé,” ceuk manéhna nétélakeun.

(T/KU9/KC153)

**(e) Tahap *Denouement***

“Engkang!” sora pamajikan kapireng nyalukan.

Asa kagebah keur anteng ngumbar panineungan téh. Sok buku catetan poéan mah diteundeun dina kasur.

“aya naon, Nyai?” Cék kuring, bari léos ka dapur.

“Saha anu naheur cai?”

(T/KU9/KC154)

**C. Kartu Data Watek Palaku Carita**

**1. Carpon “Cinta”**

**Ngaran Palaku : Cinta**

- 1) Sadar diri  
tapi Cinta sadar, maenya bogoh ka dulur téré.

(C/KU1/KC. 2)

<p>Sanajan sakumaha nyaahna ngarumasakeun teu bisa méré kabagjaan. (C/KU1/KC.4)</p> <p>2) Nyaah-an Teuing ti mana jolna rasa nyaah, ujug-ujug nyaliara dina haté Cinta nu pangjerona. (C/KU1/KC.2)</p> <p>3) Dermawan/bageur Cinta jeung almarhum indungna, geus lila jadi donatur tetap. (C/KU1/KC.3)</p> <p>4) Getén jeung tulaténna Pihak yayasan kataji ku getén jeung tulaténna Cinta. Gusti Allah ngaguratkeun takdir Cinta jadi indung di panti. (C/KU1/KC.5)</p> <p>5) Tanggung jawab Cinta teu ngalésotkeun kawajibanana. Ngiriman unggal bulan. Nyumponan naon waé pangabutuh Béntang. (C/KU1/KC.3)</p>
<p><b>Ngaran Palaku : Béntang</b></p> <p>1) Lucu, geulis Béntang téh panglucuna, béntangna. Séhat, seger, kulitna beresih. (C/KU1/KC.2)</p> <p>Geus kaciri Béntang pigeuliseun, tur motorikna aktip. (C/KU1/KC.3)</p> <p>2) Wanteran “Mamah, tadi Enéng nyanyi nyalira ka payun.” (C/KU1/KC.5)</p>
<p><b>Ngaran Palaku : Duriat</b></p> <p>1) Teu ngabuktikeun omonganna Hal éta geus kungsi diobrolkeun ka Riat basa geus jadi salakina. Tapi Duriat negeskeun ka Cinta, moal, moal jadi masalah. Teu nanaon Cinta teu diparainan bisa ngandung jeung ngalahirkeun ogé. Pan urang tiasa nyandak Béntang, urang resmi adopsi, ceuk salakina harita. Aya niat ihlas dina haténa, demi kanyaahna ka Riat, lamun seug Cinta teu diparengkeun boga turunan, Cinta rék rido ngajurungkeun salakina boga deui pamajikan. Didua. Tapi naha ari ayeuna ? (C/KU1/KC.4)</p>

<b>2. Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”</b>
<p><b>Ngaran Palaku : Enéng</b></p> <p>1. Rajin Ti isuk nyeuseuh mah, ngan bari kaselang-selang bébérés jeung saksak-siksik. Kawas sasari, ari Saptu mah sok ngahaja masak. (KKH/KU2/KC7)</p> <p>2. Heuras/neugtreug Teu ngagugu ka Mamah nu nangis mépélingan. Neugtreug mawa karep sorangan. (KKH/KU2/KC8)</p> <p>3. Nutup diri Nguluwut jeung resep nyorangan. Teu bisa muka haté pikeun babaturan lalaki nu boga maksud mikanyaah. (KKH/KU2/KC10)</p> <p>4. Nyaah/ngabakti ka kolot (indungna) Ngarah laluasa ngurus Mamah pikir téh, da adi-adi mah lalaki, Mamah teu ludeung ngandelkeun minantu. Tinekenan, dugi ka pupusna, Mamah tetep jeung kuring. (KKH/KU2/KC10)</p>
<p><b>Ngaran Palaku : Mamah</b></p> <p>1. Ngélingan Teu ngagugu ka Mamah nu nangis mépélingan. (KKH/KU2/KC8)</p> <p>Mamah nalék kuring, satekah polah mépélingan sangkan kuring sadar yén kalakuan kuring téh teu hadé. (KKH/KU2/KC9)</p> <p>2. Paduli ka kulawarga Mamah teu kungsi rumah tangga deui, teu kersa nérékeun da bisi teu nyaah ka barudak majar téh. (KKH/KU/KC8)</p>
<p><b>Ngaran Palaku : Kang Munandar</b></p> <p>1. Bageur</p>

Kang Munanadar salilana jadi pahlawan dina kasusah kuring, tina urusan gawé nepi ka urusan materi. Taya kahayang nu teu cumpon, taya kabutuh nu teu katedunan.

(KKH/KU2/KC9)

## 2. Perhatian

Kang Munandar méré perhatian nu leuwih ti sakadar ka bawahan, sanajan tara pok ngedalkeun jangji nanaon.

(KKH/KU2/KC8)

Geus puguh perhatian jeung bélana mah, kacida matak tibelatna.

(KKH/KU2/KC9)

## 3. Jalir jangji

“Sing tingtrim, Néng. Keun waé urang mah kieu wé. Pokona mah, Akang moal ninggalkeun. Bakal tetep mikanyaah nepi ka iraha waé gé, satungtung Enéng suka. Enéng sing narima kana kanyataan, Akang moal bisa ninggalkeun kulawarga.”

(KKH/KU2/KC10)

## 3. Carpon “Natratna Duriat”

### Ngaran Palaku : Sinta

#### 1. Teu tégaan atawa teu wanian

Tapi angger ari rasa hamham mah marengan. Inggis ku bisi rémpan ku sугan. Alesan mah geus nyampak, ngan naha wani kuring nyarita sabalakana.

(ND/KU3/KC15)

#### 2. Panceg dina kaputusan

Saenyana harita gé jawaban kuring téh geus tandes, yén taya niat rék rarabi deui.

(ND/KU3/KC15)

#### 3. Satia

Nu pajar cinta kuring moal laas, iwal kapegat ku pati, teu singna.

(ND/KU3/KC15)

Kuring ngaharéwos, moal aya nu ngaganti dirina. Katémbong cipanonna ngeclak, basa ku kuring di cium embun-embunanana. Unggal inget ka dinya, unggal ngagedur rasa sana jeung cinta ka salaki. Asa hianat mun

téa mah kuring narima lalaki séjén pikeun gaganti manéhna. Kuring moal jalir.

(ND/KU3/KC17)

Nu diteda téh taya deui iwal hayang babarengan deui jeung salaki, di alam pawenangan.

(ND/KU3/KC18)

#### **Ngaran Palaku :Kang Rahadi**

##### 1. Pasrah

Cék manéhna bisi aya nu ti heula, pék waé tapi. Manéhna mah tumamprak kana kadar.

(ND/KU3/KC16)

##### 2. Béla ka pamajikan / tanggungjawab

Padahal tempat gawé jeung imah kuring téh jauh pisan, misah propinsi. Tapi, manéhna geus némbongkeun tanggungjawabna ka kuring.

(ND/KU3/KC17)

##### 3. Satia

Kang Rahadi ngajanteng di gigireun ranjang, nyekel leungeun ngabantuan kuring ngalahirkeun jabang bayi.

(ND/KU3/KC17)

#### **Ngaran Palaku : Kang Sodak**

##### 1. Heuras

Tapi, Kang Sodak anggeur keukeuh, hayang hirup babarengan, méakkeun sésa hirup, pokna.

(ND/KU3/KC16)

#### **Ngaran Palaku : Pa Nurja**

##### 1. Amanah

“Sawios Bu, da moal lami. Ieu wé nyanggakeun serat ti anjeunna, haturan Ibu.” Cék manéhna, bari terus nangtung mikeun surat.

(ND/KU3/KC19)

#### **4. Carpon “Balakaciut”**

#### **Ngaran Palaku : Kang Jojo**

##### 1. Geus nyerah ti heula

Ari sabab séjénna mah, aya rasa hamham, inggis ku manéhna henteu ditarima kalawan kabungahan.

(B/KU4/KC21)

2. Pinter

Kuring agul kabina-bina, lantaran proposal kuring dipeunteun pinunjul pisan. Acungan jempol ti para pembimbing.

(B/KU4/KC26)

**Ngaran Palaku : Salsa**

1. Bageur, sholeh, nurut

Inget baheula, Salsa metik lalab atawa miceun dangdaunan garing anu maruragan di buruan akina, sok teu weléh maca salawat. Majar téh papagah akina.

Akina kaciri atohnalamun dikirim balakaciat.

“Nuhun, Geulis, pinter pisan nyukakeun haté Aki,” ceuk akina harita.

(B/KU4/KC22)

**5. Carpon “Ligarna Haté”**

**Ngaran Palaku : Sondari**

1. Nurut ka kolot

“Ndari, kudu ngagugu ka omongan Apih.”

“Sumuhun, tangtos Apih. Kumaha kitu ?”

(LH/KU5/KC43)

2. Hideng

Sondari mah nguliwed ka dapur rék nyokot susuguh.

(LH/KU5/KC43)

3. Sopan

Cikopi diteundeun ku Sondari dina luhur méja bari deku, warahan indungna.

(LH/KU5/KC44)

4. Nyaah ka kolot

Paroman Sondari katangen mani marahmat. Panonna neutep teleb Kosasih, bapana nu aya dihareupeunana. Teu bungah kumaha

Sondari, nyaksian bapana séhat, jagjag waringkas deui, sanajan masih aya kénéh batuk saeutik,

(LH/KU5/KC41)

5. Hariwangan

“Kang Chandra? Ih, naha bet ka dieu? Pan saur abdi gé engké diwartosan. Bilih Apih karugrag deui panyawatna!”

(LH/KU5/KC42)

**Ngaran Palaku : Chandra**

1. Sopan

“Bapa, saur Sondari dinten ayeuna tos tiasa mulih?” Chandra tanya bari rengkuh, sopan, naker.

(LH/KU5/KC42)

“Sanés kirang sono, abdi badé amitan aya bujengeun deui” ceuk Chandra bari nangtung

(LH/KU5/KC44)

“Muhun, cekap panginten. Abdi nyanggakeun panglayad. Mugia Bapa énggal damang sabihara-bihari deui. Mangga dikantun.” Cék Chandra bari munjungan, rengkuh ngahormat tuluy ngaléos.

(LH/KU5/KC45)

2. Paduli ka sasama

“Teu sawios Bapa, Ibu. Da abdi mah donor darah téh sanés pédah ka Bapa wungkul. Upami kaleresan nuju séhat, ampir unggal sasih abdi donor. Ka sasaha ogé nu peryogi pitulung abdi mah, nya ditulungan satiasa-tiasa,” témbal Chandra bari imut, najan aya nu ngaguruh jerowun dadana.

(LH/KU5/KC45)

3. Bageur

“Mangga, bilih badé dijajap atuh ku abdi, Ibu. Kaleresan tadi téh abdi aya peryogi, wangsulna ngalangkung ka dieu.”

Chandra mantuan indung Sondari ngakutan barang kana mobil

(LH/KU5/KC42)

**6. Carpon “Nu Kungsi Dipiharep”**

**Ngaran Palaku : Kuring atawa Coach**

## 1. Teu percaya diri

Padahal Sifa mah geus waléh sanggup nungguan kuring. Ari kuring teu pati yakin ka diri sorangan.

(NKD/KU6/KC97)

## 2. Teu genahan

Aéh aéh, na da aing téh lain nyandung tapi bet asa boga salah.

(NKD/KU6/KC99)

## 3. Geus nyerah ti heula

Nya meureun kuméok méméh dipacok téa.

(NKD/KU6/KC97)

**Ngaran Palaku : Dokter Sifa**

## 1. Paduli ka nu susah

“Cita-cita jadi dokter téh sanés ngudag harta. Istuning idealismeu hoyong babantu ka nu susah. Urusan panghasilan langkung mah anggap bonus wé.”

(NKD/KU6/KC97)

## 2. Pinter

Kuring nu teu boga pangabisa ukur heueuh-heueuh bueuk baé basa Sifa ngadadarkeun pamanggihna

(NKD/KU6/KC97)

**Ngaran Palaku : Rahmi**

## 1. Soméah

Rahmi, fisioterapis wanoja nu soméah ka sasaha atuh dipikaresep ku saréréa.

(NKD/KU6/KC98)

## 2. Gesit

Rahmi jeung tim médis geuwat lumpat.

(NKD/KU6/KC99)

### 7. Carpon “Sanggeus Sapuluh Taun”

#### Ngaran Palaku : Dirham

## 1) Bageur

Mun keur di kampus, ka mana-mana kuring nu nungtunna. Ogé mun balik ti kampus. Dédé sok diboncéng ku kuring ka tempat nganjrekna, di hiji gedong Yayasan Netra Indonesia.

Kuring kalan-kalan mangmacakeun.

(SST/KU7/KC122)

Unggal ka dinya pasti panggih jeung mangmacakeun buku Anti atawa mangnuliskeun tugas kuliahna.

(SST/KU7/KC123)

## 2) Pinter

Ayeuna kuring geus lulus S2, geus jadi dosén di almamater tempat kuliah S1 baheula. Keur ngeureuyeuh kuliah S3. Sakeudeung deui baris sidang désertasi.

(SST//KU7KC126)

## 3) Teu milih-milih babaturan

Basa mata kuliah kahiji lekasan, kuring ngadeukeutan manéhna. Dédé Setiawan ngaranna téh. Manéhna téh teu ningali, tunanetra.

(SST/KU7/KC122)

Da anjeunna ti kapungkur sok nyarios ulah ngabéda-bédakeun jalma.

(SST/KU7/KC123)

#### Ngaran Palaku : Anti

## 1. Pinter, sonagar, sholehah

Wanoja nu pinter, sonagar, jeung manis imutna.

Nyantri deuih. harita geus apal lima juz Al-Quran manéhna mah, éléh kuring mah nu teu sajuj-sajuz acan.

(SST/KU7/KC121)

**Ngaran Palaku : Dédé**

## 1. Déwasa

“Ham jeung Anti, jigana can jodona, duaan téh, teu kudu diceungceurikan. Da lamun aya jodona mah moal ka mana,” cék Dédé, ngupahan bari dareuda.

(SST/KU7/KC125)

**8. Carpon “Nu Teu Dipiharep”****Ngaran Palaku : Enéng**

## 1) Bageur

Upami Mamah balaka kagungan sambetan badag, moal burung diusahakan ku Enéng, sangkan tiasa lunas, cék haté, sotéh.

(NTD/KU8/KC142)

## 2) Nurut

Mun lain Bapa nu ngolo jeung ngalelemu. Magarkeun, sok wé milu heula.

(NTD/KU8/KC141)

## 3) Karunyaan

Sakapeung mah sok asa jadi pangbeubeurat keur Bapa. Alatan kuring bapa gagal waé kawin.

Kungsi hayang ingkah ti imah, sabab ngarasa jadi panghalang kana jodo Bapa. Hayang jauh.

(NTD/KU8/KC140)

**Ngaran Palaku : Indung Enéng**

## 1) Kasar, gedé ambek

“Dasar doraka, jadi kitu sia dididik salila ieu ku paman sia téh?”

“Sia ngalawan ka aing? Kitu ajaran jeung didikan paman manéh salila ieu téh? Koplok pisan!”

(NTD/KU8/KC137-138)

Mamah ngojéngkang ka kamar, kaluar deui bari nulak angkéng, jeung meureupan.

(NTD/KU8/KC142)

### **Ngaran Palaku : Bapa**

1. Bageur, nyaah

Nu aya saban mapagahan, Bapa ngingetan, sing hadé ka indung.

(NTD/KU8/KC138)

